



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PLIS PASE 900 EGZÈSIS KONT TEWORIS KONJWEN YO NAN ETA NEW YORK

“Operation Safeguard” an Li Favorize Sekirite nan Ankouraje Rapò Byen Bonè sou Aktivite Ki Sispèk yo pa Biznis yo, Etablisman Lavant An Detay yo, Òganizasyon yo ak Piblik lan

Gouvènè a Ap Ankouraje Achète yo Pou Yo Atantif sou Alantou yo Pandan Sezon Vakans Chaje a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Biwo Kont Teworis nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans yo nan Eta New York lan (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services) te konplete plis pase 900 egzèsis kont teworis nan “Operation Safeguard” (Operasyon Sofgade) nan ane 2017 nan biznis ak òganizasyon yo atravè eta a pou teste pwogram rapò aktivite ki sispèk yo ak plan kont teworis yo. Sa reprezante yon ogmantasyon 31 pousan nan kantite lokal ke yo te teste an 2016 lan.

“Pwoteje moun New York yo se pi gwo priyorite nou, epi egzèsis kont teworis ki enpòtan sa yo ap ede prepare piblik lan pou sitiyan danjere yo ki menase sekirite popilasyon an atravè eta sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kounye a plis ke jamè, mwen egzòte moun New York yo pou yo rapòte nenpòt aktivite ki sispèk ke yo wè bay fòs lapolis yo. Si ou wè yon bagay, di yon bagay (If You See Something, Say Something).”

An repons a atak teworis 2015 yo nan Paris ak San Bernardino, Gouvènè Cuomo te òdone Biwo Kont Teworis Eta (State’s Office of Counterterrorism) pandan Diskou Eta Leta 2016 li an pou yo ogmante kantite egzèsis sa yo, pou kapab evalye pi byen kapasite biznis yo atravè eta a pou kapab rekonèt konpòtman ki sispèk yo epi an konsekans rapòte li.

Ane sa, prèske 100 ajans fòs lapolis ak 350 pèsonèl yo te evalye plis pase 900 lokal, ki enkli egzèsis nan plis pase 100 lokal alokasyon kamyon ak senk ayewopò nan Rejyon Nò a. Lòt lokal yo gen pami yo magazen aparèy, magazen zam yo, gwo magazen lavant an detay yo, biznis yo ki ap vann konpozan oswa pwodwi chimik yo ke yo itilize nan konstwiksyon materyèl eksploziv ki enpwovize yo, lopital yo, kolèj ak inivèsite yo, enfrastrikti transpò yo, espas rasanbleman masif yo ak lòt lokal yo ki kapab vize pa teworis yo.

Nan chak lokal, pèsonèl fòs lapolis yo te teste pwotokòl sekirite yo nan angaje nan “aktivite ki sispèk yo” tankou chèche divès pwodwi chimik ak konpozan yo ke yo konn itilize nan materyèl eksplozif ki enpwovize yo, pou kapab detèmine si yon biznis te detekte aktivite abominab lan epi te rapòte li. Apre chak vizit, patnè sekirite enteryè yo, federal, leta ak lokal yo te diskite sou rankont yo ak chak lokalite pou mansyone aksyon pozitif yo ak zòn amelyorasyon yo. Nan plizyè enstans, yo te rapòte aktivite an rapidman epi ak prezisyon, epi lè yo pa’t rapòte aktivite an, manm ekip yo te byen resevwa edikasyon swivi yo, epi etablisman ke yo te vizite yo te di ke yo ta pral pwobableman rapòte aktivite ki sispèk yo bay fòs lapolis yo nan fiti.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York lan (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services), Roger L. Parrino, Sr., te deklare, “Nou tout gen yon wòl pou nou jwe nan rapòte konpòtman ki sispèk yo epi nou tout ta dwe pran tan pou nou remake patèn ak aksyon ki inabityèl yo ki pa fè sans nan woutin chak jou yo. Pandan ke sa enpòtan pandan 365 jou nan ane a, sa espesyalman enpòtan pandan vakans yo lè nou bese gad nou, epi nou tout preyokipe pa preparasyon sezon an. Rete an alèt. Fè konfyans a ensten ou, si ou wè yon bagay, pa pè di yon bagay. Pa pè fè apèl lan”.

Sipè-entandan Lapolis Eta New York lan, George P. Beach II, te deklare, “Fòs lapolis yo an premye sekouris yo fòme epi ap travay ansanm chak jou pou kapab anpeche trajedi nan kominote nou yo. Nou espere tou ke popilasyon an ap ede nou epi fè pati pa yo nan batay kont atak teworis yo. Nou mande tout moun pou yo atantif, rete an alèt, rete vijilan epi rapòte nenpòt bagay ki pa òdinè. Si ou wè yon bagay, di yon bagay. Enfòmasyon ke ou pataje yo kapab sove lavi”.

Vadim D. Thomas, ki se Ajan Espesyal An Chaj, Biwo Federal Ankèt (Federal Bureau of Investigation) nan Albany, te deklare, “Eksperyans te montre nou ke fòs de lòd ak kominote nou yo dwe travay ansanm pou idantifye aksyon yo ki kapab enplike aktivite ki an rapò ak teworis. Nou te wè plizyè enstans kote enfòmasyon ke piblik lan te bay yo te kondwi a idantifikasyon moun ak pètibasyon aktivite kriminel yo. Plis nou kapab edike piblik lan epi teste pwotokòl yo, se plis kominote nou yo pral pi sekirize. Mwen ankouraje piblik lan rete vijilan epi avize fòs de lòd yo de nenpòt aktivite ki sispèk”.

Bart R. Johnson, ki se Direktè Sekirite Federal, nan Administrasyon Sekirite Transpò (Transportation Security Administration), te deklare, “Konsideran menas teworis aktyèl epi ki ap evolye a, nou apresye efò Eta New York ak operasyon 'Operation Safeguard,' yo an nan egzèsè obsèvasyon ak rapò aktivite ki sispèk yo atravè 'See Something, Say Something.' Pwogram sa fè yon enpak konsiderab nan kenbe tout moun New York yo an sekirite, patikilyèman nan ayewopò yo”.

Margaret Ryan, Direktè Egzetif Asosyasyon Chèf Polis Eta New York (New York State Association of Chiefs of Police), te deklare, “Eksperyans te montre nou ke fòs lapolis yo ak kominote nou yo dwe travay ansanm pou kapab idantifye aksyon aktivite teworis potansyèl yo. Lè nou travay men nan men ak kominote nou an ak patnè biznis nou yo sa ap retounen ranfòse ke tout moun fè pati mouvman 'See Something, Say Something' ak 'See Something, Send Something'. Nenpòt moun kapab rapòte aktivite ki sispèk yo nan nenpòt moman”.

Peter R. Kehoe, Direktè Egzekitif Asosyasyon Sheriff Eta New York (New York State Sheriffs' Association), te deklare, “Egzèsis sa yo se yon pati enpòtan nan plan kont teworis nan New York lan. Nou bezwen yon alèt sitwayèn. Sa se fason ke nou kapab bay pèsònèl fòs lapolis limite nou yo plizyè milyon zye ak zòrèy popilasyon jeneral la. Atravè egzèsis sa yo nou kapab kenbe popilasyon an ki ap panse sou tèm See Something, Say Something”.

Nenpòt moun kapab rapòte aktivite ki sispèk yo nan Liy Konsèy Teworis Eta New York lan lè yo rele 1-866-SAFE-NYS (1-866-723-3697), oswa kòm yon foto oswa yon nòt alekri apati aplikasyon mobil [SeeSend](#) lan. Vizite [Sofgade New York \(Safeguard New York\)](#) pou kapab enfòmè sou kijan pou detekte aktivite ki sispèk yo, menm jan ak kanpay “See Something, Say Something” eta a. Yon apèl telefòn de yon sitwayen ki an alèt oswa yon anplwaye nan yon biznis ki temwen yon aktivite ki sispèk, yo kapab alète fòs de lòd yo de yon konspirasyon teworis ki ap prepare.

Enfòmasyon sou Biwo Kont Teworis

Administre pa Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan, [Biwo Kont Teworis \(Office of Counter Terrorism\)](#) lan sipòte jefò federal, leta, lokal, tribal ak sektè prive yo pou anpeche, pwoteje kont epi prepare kont aksyon ak menas teworis yo. Biwo Kont Teworis lan se pa yon ajans fòs de lòd, men li travay de prè ak Lapolis Eta New York lan ansanm ak lòt ajans sekirite prive ak fòs de lòd yo nan batay kont teworis lan.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan](#) ak kat biwo - Kont Teworis (Counter Terrorism), Jesyon Ijans (Emergency Management), Prevansyon ak Kontwòl Dife (Fire Prevention and Control), ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans li yo (Interoperable and Emergency Communications) - bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou prevni, pwoteje, prepare, reponn, epi rekipere kont atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook](#), swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418